ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

**ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ КАФЕДРАСЫ**

Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты 3-курс студенти

Қудайбергенова Надираниң

# КУРС ЖУМЫСЫ

## Ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ прозасы

*Илимий басшы:* ф.и.к. доц. Б.Давлетов

Нөкис -2013

Тема: **Ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ прозасы**

**Жобасы**

КИРИСИЎ

I бөлим. **XX әсир қарақалпақ** прозасына улыўма сыпатлама

II бөлим. **Ғәрезсизлик дәўири прозада экология мәселеси**

III бөлим **Ғәрезсизлик дәўири прозасының раўажланыў бағдарлары**

ЖУЎМАҚЛАЎ

ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

# Кирисиў

XX әсирдиң 90-жылларының басында Бурынғы Аўқам усаған тоталитар дизимге тийкарланған мәмлекеттиң ыдыраўы, оның баслы идеологиялық қуралы болған коммунистлик ойлаўдың адамлардың санасынан әсте-әсте сығып шығарыла баслаўы, оның орнын адамзаттың әсирлер бойы жыйналған философиялық, этикалық, эстетикалық, ҳуқықый билим қорлары системасының ийелей баслаўы бизиң әтираптағы жәмийетлик ҳәм тәбият қубылысларына, соның ишинде, турмысымыздың ажыралмас бир бөлеги болған көркем әдебиятымызға деген қатнасымызды да пүткиллей өзгертип жиберди десек, асыра силтеген болмаймыз.

Инсан руўхының қурамалы тәбиятын – оның умтылысын, сезим туйғысын, қуўаныш ҳәм қайғысын, көтериңки ҳәм түсиңки кейпиятын бериўде жазыўшыларымыз тек реализмниң сүўретлеў принциплери менен шекленип қалмастан, модернизм әдебиятының, сондай-ақ, дүньяға деген мифологиялық, мистикалық, иләҳий көз-қараслардың мүмкиншиликлеринен де пайдаланыўға умтылмақта. Мәселен, Т.Қайыпбергеновтың «О дүньядағы атама хатлар», «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы», «Қәлбимниң қамусы», «Түркийнама» романлары ямаса Ҳ.Хамидовтың «Ушқын»

(бул романның даўамы «Өз үйим» деген атама менен «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәрияланды), К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар», К.Рахмановтың «Ақыбет» романларын, А.Халмуратовтың «Тәғдирлес», «Жәннет бағы», Ҳ.Айымбетовтың «Қарабуўра», С.Исмайловтың «Жүрек галлактикасы», «Бизлер бир үйде жасаймыз», «Пайғамбарлар ҳәм шайтанлар» атлы роман ҳәм повестьлерин, А.Абдиевтиң «Жын-жыпырлар уясы» романларын алып қарайық. Бул дөретпелер көлеми, мазмуны ҳәм формасы, көтерип шыққан проблемасы, жанр ҳәм стили бойынша жүдә ҳәр қыйлы болыўына қарамастан, оларды бир нәрсе бирлестиреди. Ол да болса – турмыс ҳақыйқатлығын сүўретлеўдиң дәстүрий усылына тийкарланған көркем метод – реализмниң қағыйдаларына бағына берместен, өзинше жол таўып, ҳәзирги адамлардың руўхый тәбиятын ашып бериўге умтылыў.

Ҳәзирги прозаның раўажланыўының баслы бағдарлары.

Ҳақыйқатында да, ҳәзирги әдебий жөнелис Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов, Қ.Оразымбетов, П.Нуржанов М. Бекбергенова усаған бир қатар илимпазлар мақалаларында, киттапларында изерленген.

## I бап. **XX әсир қарақалпақ** прозасына улыўма сыпатлама

Ғәрезсизлик пайда болған ҳәм өмир сүрген 22 жылдан аслам ўақыт ишинде қарақалпақ прозасында Т.Қайыпбергеновтың “Қамуснама”, “О дүньядағы әкеме хатлар”, «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен.» шығармалары, “Қарақалпақнама” роман-эссесиниң қайта исленген варианты, Ж.Аймурзаевтың “Қара бултлар”, С.Бахадырованың «Тумарис ҳәм Кир», Ә.Пахратдиновтың “Сөйленбеген тарийх” романы менен “Айдос бий ҳаққында әпсана” повести, К.Алламбергеновтың “Дәрья тартылған жыллар”, С.Исмайыловтың “Жүрек галактикасы”, Ю.Алимбетовтың “Перзенттиң әжели” романлары, Г.Есемуратованың “Дүпдендеги дәптер”, К.Мәмбетовтың “Муҳаббат ҳәм әжел”, М.Таўмуратовтың “Ақ түнниң көлеңкеси” повестьлери, М.Нызановтың “Адам күлдиргени ушын” юморлық эссеси, С.Исмайыловтың “Ашшы мийўелер” дедектив повести, балаларға арналған Қ.Жуманиязовтың “Тайыншақлы еки бала”, Ә.Халмуратовтың “Қара таўық” повесть ҳәм гүрриңлери, Ө.Өтеўлиевтиң “Адамларға сырлас болсаң” очерк, публицистика ҳәм гүрриңлер топламы сыяқлы бир нешше онлаған прозалық шығармалар пайда болды.

Бул шығармалар ғәрезсизлик дәўиринде жазылғаны менен, барлығы дерлик ғәрезсизлик руўхында жуўап берерлик идеялық-көркемлик сапаға жетиспеген еди. Аты аталған шығармалардың ишинде тек Ж.Аймурзаевтың “Қара бултлар”, А.Пахратдиновтың “Сөйленбеген тарийх” романы менен Г.Есемуратованың “Гөнерген сүренлер”, повести ғәрезсизлик темасына бағыш етип жазылды. Ал, Т.Қайыпбергенов, С.Бахадырова, К.Алламбергенов, Ө.Өтеўлиев, К.Мәмбетов, Қ.Жуманиязов, шығармалары Ғәрезсизлик темасына тиккелей арналмағаны менен, бул шығармалар идеялық-көркемлик дәрежеси бойынша миллий ғәрезсизлик идеологиясы талапларына жуўап беретуғын шығармалар болды.

Т.Қайыпбергеновтың 1994-95-жыллары жазылған “Қәлбимниң қамусы” шығармасы ғәрезсизлик руўхында халқымыздың өтмиши менен бүгинин жаңаша пикирлейтуғын шығарма болып есапланады. Қамусий-энциклопедиялық шығармалар жазыў түркий халықлар әдебиятында XI әсирлерден берли өмир сүрип киятырған дәстүр еди. Кой-Кобустың “Қобуснамасы”, Юсуп Хас Хажибтиң “Қудатғу билик”, Наўайының “Ҳамса” дәстаны усындай энциклопедиялық сыпаттағы шығармалар болды. Т.Қайыпбергенов бул дәстүрди өзинше жаңартып, қарақалпақ прозасында бириншилерден болып реалистлик-дидактикалық, диний-

философиялық элементлерге ийе қамуслық сыпаттағы шығарма дөретти.

Т.Қайыпбергенов 90-жыллардың басында өз творчествосында турақлы тема болып қәлиплескен экология темасына да жаңа дәўир-Ғәрезсизлик дәўири көз-қарасынан баҳа бере баслады. Усы көз-қарастан “О дүньядағы атама хатлар” (1992) китабын дөретти. Жазыўшы бул китапта о дүньядағы атасына хат арқалы мүражат етиў формасынан пухта пайдаланып, XX әсирдиң ең баслы экологиялық апатшылығы болған Арал дағдарысларын, оның келип шығыў себеплерин, турғынлық дәўириндеги басшылықтың надурыс сиясатын, қарақалпақ халқының бүгини менен ертеңин жан түршиктирерлик дәрежеде исенимли ҳәм көркем етип сүўретлеп береди.

Ә.Пахратдинов 2001-жылы жазған “Айдос бий ҳаққында әпсана” повестинде Айдос бий образын жаратыўға, миллий қәдириятларымызды мақтаныш етиў, өзлигимизди аңлаў, ел-журт ушын гүрескен патриот баба-каланларымыздың хызметин қайта баҳалаўдай миллий ғәрезсизлик идеялары көз-қарасынан қатнас жасап, Айдос бийди сатқын деп келген айырым керитартпа көз-қарасларға қатты соққы береди, жазыўшы халық әпсаналарын өзиниң көркем ой елегинен қайта өткизе отырып, Айдостың ел-

журт ушын, ғәрезсизлик ушын, миллий мәмлекет дүзиў ушын ислеген патриотлық хызметлерин дәстиярлы дәлиллер менен көркем етип көрсетеди.

Жазыўшы 1996-жылы ғәрезсизлик темасына бағыш етип “Сөйленбеген тарийх” романын жәриялады.

Бул роман жазыўшыға берилген Ғәрезсизлик дәўириниң үлкен дөретиўшилик жемиси есапланады. Өйткени, романда сөз етилген тематика советлик дәўирде жазыўға қадаған етилип таслаған еди. Романда Абдулла ахунның басшылығында қарақалпақ жигит-қызларының Бухара, Хийўа медиреселерине барып билим алыўлары, саўатлылық, көп тиллерди билиўи, елде халықты саўатландырыў ушын еткен хызметлери гәп болады. Бирақ Қызыл империяның басып алыўы менен халықтың бул еркинликтен айырылыўы, ийшан-моллалардың қуўдаланыўы, мешит, медиреселердиң қыйралыўы, халықтың нешше әсирлик жазба естеликлериниң аяқ асты болыўы усаған ашшы ҳақыйқатлықлар шеберлик пенен сүўретленеди.

Романда шығарманың бас қаҳарманы Нурылла ахун образы жақсы ашылады. Оның саўатлылығы, Хийўа медиреселериниң биринде бас иймам болып ислеўи, Хорезм тили, Хорезм жазыўларын, Ески Туран, Түркистан, Мавереннахрде жасаўшы

халықлар тарийхын үйрениўи, медиреседе оқытыў ушын хан менен оның айтыслары, соның менен бирге, қарақалпақлар тарийхын жазыўы мәселеси исенимли сүўретленеди.

Улыўма А.Пахратдиновтың бул роман-эссесинде қарақалпақ халқының айырым бөлеклериниң Түркистаннан ески ата мәкан болған Хорезм ойпатлығына көшип-қонысланыў тарийхын, Хийўа ханлығы менен қарым-қатнаслары, илим-ҳикметтиң раўажланыўында Хийўаның тутқан роли, соң советлик дүзимниң орнаўы арқалы ески менен жаңа сиясат арасындағы кескин гүреслер, мәдений мийрасларға болған бадырақлық көз-қараслар көркем-әдебий бояўлар тийкарында ашып бериледи.

80-жылларда бир қатар романлары менен көзге түсип қалған жазыўшы Кеңесбай Алламбергенов 1991-жылы “Дәрья тартылған жыллар” романын жәриялады. Роман темасынан көринип турғанындай экология темасына бағыш етилген. Жазыўшы бул шығармасында дәрьяның суўының қайтыў, тартылыў деталына үлкен рәмзий мағана, поэтикалық мәни жүклеген. Бул арқалы ол өткен әсирдиң соңғы 30-40 жылы ишиндеги хожалықты басқарыўдағы буйрықпазлық, өзиболадылық, жөнсиз жобаластырыўшылық иллетлериниң салдарынан экологиялық ҳалаттың бузылыўын, адамлар санасының өзгериўин, яғный

экологиялық-руўхый өмиримиздеги дағдарысларды ашып көрсетиўди нийет еткен. Автордың бул нийети бас қаҳарман Жалғас Назаровтың образы арқалы ашып бериледи.

Романда жаманлық өртин өшириўге қанаты менен суў тамызған, жақсылықтың тынып-тыншымас, күйгелек жан ашыры Жалғас Назаров образы менен биргеликте бийпарық басшылар ҳәм ҳәмелпараз, жағымпаз “балалар”дың минез-қулық ҳалаты, ақыл-ой, санасы, дәрежеси ҳеш асыра силтеўсиз-ақ, қара бояўды ҳәдден тыс жағыўсыз-ақ әпиўайы сөзлер менен тәрипленип, исенимли геўделениў тапқан.

Романдағы сүўретленген жақсылық-жаманлық ўақыялардың барлығы жас бала, соңырақ ишки ислер бөлиминиң пидайы хызметкери Жалғас Назаровтың көз алдында болып өтеди. Оның өмирге көз-қарасы менен характерин, турмыслық жолын усы ўақыялар дизбеги келтирип шығарады. Жаслайынан жаманлыққа жийренип өскен ол өсе келе бул иллетлерге қарсы гүресиўдиң жолларын қарастыра баслайды. Бирақ ҳеш шара таппайды: Әбдибай бригадир менен Жәримбет баслық қыласында қыла береди, мәскүнем иниси Алламураттың тракторын директор “тартып” алып, оң қолдай механизатор Дәўлетмуратқа бергени ушын Жәримбет баслық “бес пышақтың тұқымларынан” өш алыўға кириседи,

жумыссыз қалған Дәўлетмурат аўылды таслап кетиўге мәжбүр болады. Назар бағман болса бағының орнын пахта жерге бермеймен, деп қарсылық билдиргени ушын жийдеге байлап қойылып “жазасын тартады”. Назар бағманның кемпири балалардың таласы ушын Әбдибай бригадир тәрепинен қамшының астына алынады, бригадир буның менен де турмай, Жалғастың үйине қыдырып келген Тәжигүл апасына урланып келип қол салмақшы болады…

Булардан ҳеш нәтийже шығара алмаған ол ақыр аяғында салманың еки бойында тынып турған Назар бағманның мың түпке жақын ақ тереклери менен торańғылларына “суў жолын тазалаймыз” деген бәне менен «дүккиш» салып жибереди.

Жалғастың да аўылдан “безигиўине” усы ўақыялар себепши болады. Ол бул жаўызлықларды қара күши менен жеңбекши болады. “Үлкейсем, әлбетте, милиция болыўым керек” деп түйинеди ишинен. -Бундай адамлар милициядан басқа ҳеш кимнен қорықпайды. Дүньядағы ең күшли адам-милиция!”.

Оның бул ойын әскерликтен қайтып киятырғанында, вокзалда тап болған жалатайлардан тис жеў ўақыясы тезлеттирип жибереди.

Бирақ ишки  ислер бөлими хызметиндегилердиң барлығы да ол ойлағандай адамның ҳуқықын қорғаў ушын гүресе бермейди

екен, бир қанша хызметкерлер өз исин көз боямашылыққа, таныс-билисликке, өзинен жоқары басшыларға жағымпазлыққа тийкарланып қурады. Район, қала аймағындағы басшылар болса ҳуқық қорғаў шөлкемлерин де өзлериниң жынаятлы ислерин жасыратуғын “мөлдек мәкемелерге” айландырып алған екен. Бир сөз бенен айтқанда, Жалғас Назаровқа бул жерде заң орнындағы заңсызлықларға қарсы гүресиўге туўра келеди. Бас кесер уры-ғәззап Асан Қарабаевқа, саўдагер жолы бузық ҳаял Гүлайға, мал урыларына, ишки ислер бөлими баслығы орынбасары Өмирбай Оразбаевқа байланыслы жынаятлардың бет-пердесин ашып тасламақшы болады. Бирақ, бул қылмыслар райондағы белгили басшылар менен сабақласып кеткен жынаятлар болғанлықтан да тергеў жөнелисине жетпей-ақ жабылып қала береди. Жалғас Назаров болса бул ислериниң ҳақысына шөлкемлескен қара күшлерден өлимши етип соққы алады.

Жазыўшы бул орынларда, әсиресе, өз қылығының қурбаны болған Асан Қарабаев пенен жағымпаз басшы Өмирбай Оразбаевтың дараланған образларын жүдә исенимли түрде жарата алған.

Романын екинши китабы “Ҳүждан иси”нде Жалғас характериниң әдеўир дәрежеде жетискенлигин көремиз. Енди ол

ҳақыйқат өз исиниң маманы болып жетилисип қалған, қәнигелик-турмыслық тәжирийбеси де әдеўир арта түскен гүресшең сыпатында көзге тасланады.

Романның бул китабында Сырғагүл, Ҳәкимов, Әбдикәримов, Бердибай образы арқалы шөлкемлескен жынаят мафияның ақыбетлери ашып берилсе, Жалғас Дәўлетбай, Бабажанов ҳәм т.б. образлары мысалында ҳадал күшлер жеңисиниң салтанаты сәўлелениў табады. Жазыўшы бул образлар арқалы жаңа дәўирдиң қаҳарманларының өзине тән сыпатлы белгилерин толық ашып бере алған. Роман усындай жаңа адамлардың ҳақыйқый көркем тулғасының жасалыўы менен де қунлы. Мәселен, бир-бириниң антиподы болған Ҳәкимов пенен Бабажановтың образлары усы жағынан қарақалпақ прозасында бурын көрилмеген жаңа образлар.

Романның және бир жетискенлиги автордың ўақыяларды сүўретлеўде тапқан жеңил, ықшам формасы ҳәм жыллы лиризмге толы бир дем менен оқылатуғын образлы көркем тили. Автор роман конфликтине адамлардың өзин қоршаған орталыққа ҳәм халықлық мүлкке қатнасын тийкарғы өзек етип ала отырып, басқа майда-шүйде турмыслық конфликтлерди усы өзекли қарама-қарсылықтың өне бойына шеберлик пенен жәмлестире алған. Нәтийжеде роман

көп сөзлиликтен, артықша деталластырыў кеселинен сап-таза болып шыққан.

Жас фантаст жазыўшы Сәдирбай Исмайылов 1991-жылы қарақалпақ прозасында биринширлерден болып “Жүрек галактикасы” атлы фантастикалық роман жәриялады. Романда пүткил адамзаттың дөретиўшилик уллылығы, планеталар, галактикалар аралық сырлы ўақыялар, жер ҳәм аспанның бөлинбес бирлиги ҳаққындағы қызықлы ўақыялар көркем сәўлелениў табады.

Жуўмақлап айтқанда, халқымыз өз ғәрезсизлигин жеңип алғаннан кейинги дәўирде көркем прозада унамлы өзгерислер жүз берди. Бурын қадаған етилген темаларға қол урыўға, айтыў мүмкин болмаған пикир, идея, ойларды сүўретлеўге жол ашылды. Жазыўшыларымыздың ой-дүньясы, пикирлеў әлеми кеңейди. Олар өмир қубылысларын ҳақыйқат түрде сүўретлеўге әсте-әсте болса да кирисе баслады. Нәтийжеде алыс ҳәм жақын өтмишимиздеги болып өткен ўақыялар, қарақалпақлардың өткен әсирлердеги урыс ҳәм урыстан кейинги дәўирлердеги, берман келе 1950-90-жыллар арасындағы «тубалаўшылық», «қайта қурыў» деп аталған дәўирлердеги турмыс ҳәдийселерине ҳақыйқатлық принциплери менен жантасыў мүмкиншилиги пайда болды.

## II бөлим. **Ғәрезсизлик жылларындағы прозада экология мәселеси**

Ғәрезсизлик жылларында прозада экология ҳәм Арал темасы жәнe де тереңлетилди (Т.Қайыпбергенов «О дүньядағы атама хатлар», «Түркийнама», «Қәлбимниң қамусы», «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен» ҳәм т.б. роман-эсселери, повестьлери ҳәм публицистикалық мақалалары, К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар» романы, «Қуслар қайтқан күн» повести, Ө.Өтеўлиевтиң «Теңиздиң жини» повести, Б.Генжемуратовтың «Ассалаўма әлейкум Арал» публицистикалық дөретпеси ҳәм т.б.), XVII әсирдиң ақыры XVIII әсирдиң биринши шерегиндеги қыян-кести ўақыялар (К.Мәмбетовтың «Туркстан» романы), тарыйхый тулғалардың искерлигине жаңаша бир қатнастың нәтийжесинде жүзеге келген айырым дөретпелер (С.Бахадырованың «Томарис ҳәм Кир», А.Пахратдиновтың «Сөйленбеген тарийх» романы, «Айдос бий ҳаққындағы әпсана» повести), сондай-ақ қуўдалаў темасын қозғаған шығармалар (Ж.Аймурзаевтың «Қара бултлар», Т.Алланазаровтың «Заман гәрдиши», Х.Сейтовтың «Ызалы әрман излери» атлы мемуарлық шығармалары, А.Султановтың «Дөҳмет» романы), ҳәзирги заман көз-қарасынан тарийхымыздың бурын қол урылмаған ўақыяларын көркем талқыға алған (Г.Есемуратованың «Мың да бир кеширим», «Ким таңлайды муңымды»,

Ө.Ембергеновтың «Хан мақсым» повестьлери ҳәм гүрринлери) пайда болды.

Буннан басқа өткен әсиримиздиң екинши ярымындағы қарама-қарсылықларға толы, зорабанлық, жеке ҳүкимдарлық сиясатының ала-сапыранлы ўақыяларын сүўретлейтуғын романлар (Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы Ақтуба», К.Рахмановтың «Ақыбет», Т.Халмуратовтың «Қырықбуўын», А.Әбдиевтың «Жиң жыпырлар уясы»), повестьлер (А.Әлиевтиң «Көрмегенимиз көп екен», «Орынбасар», Г.Есемуратовтың «Жазмыш жазасы», Г.Тәжетдинованың «Әдираспан» ҳәм т.б.) дөретпелер пайда болды.

Әдебиятымызда бурын болмаған жанрлық, стильлик ҳәм формалық изленислердиң жемиси болған роман ҳәм повестлер (А.Халмуратовтың «Тәғдирлес», «Жәннет бағы», С.Исмайловтың «Пайғамбарлар ҳәм шайтанлар»), гүрриң ҳәм новеллалар (Г.Есемуратова, А.Турекеева, Г.Зайтова ҳәм т.б. қәлемине тийисли) жарыққа шықты. Олар кейинги дәўирдеги қарақалпақ прозасын ҳәр тәреплеме байытыўда, китапханның эстетикалық талмағын өсириўде үлкен әҳмийетке ийе болды.

Әдебиятымызда улыўма инсаныйлық темалардың ажыралмас бир бөлеги болған мораль, әдеп-икрамлылық мәселелери де жазыўшыларымыздың нәзеринен сыртта қалған жоқ. Бул

мәселелерге арнап Қ.Камаловтың «Өмир», Ж.Хошниязовтың «Жулдыз ағып баратыр», Я.Әжимовтың «Қупыя сақланған сыр», А.Султановтың «Некесиз муҳаббат», П.Мырзабаеваның «Топыраққа араласқан сыр», З.Бекбергенованың «Ҳаял тәғдири», А. Қайыповтың «Тек ағайинлер» ҳәм т.б. повестьлери жарық көрди. Бул дөретпелердиң ишинде повестьлери жарық көрди.

Бул дөретпелердиң ишинде повесть жанрының мүмкиншилигинен шебер түрде пайдаланып, бүгинги заманласларымыздың руўхый келбетин, умтылыс ҳәм тилегин, оның пәклик ҳәм бузықлық, әдиллик ҳәм әдалатсызлық, адамгершилик ҳәм инсапсызлық х.т.б. адам баласына тән пазылетлерин ашып таслаўға, буны қаҳарманның ишки дүньясына үңилип, көркем психологизм арқалы сүўретлеўге умтылып, бул жолда белгили дәрежедеги табысларды қолға киргизип атырғанларды да, соның менен бирге, жазыўшылық тәжирийбениң жетиспеўшилиги себепли повестьтиң баянлаў техникасын ийелемегенлиги, оның өзине тән өзгешелигин, мүмкиншилигин билмегенлиги, халықтың үрп-әдетине, менталитетиниң айрықшалығына немқурайды қараўының себебинен сәтсиз түрде жазылғанлары да баршылық. Булардың қатарына А.Султановтың, Я.Әжимовтың, П.Мырзабаеваның

повестьлери киреди. Бул авторлар келешекте өз шығармалары үстинде тереңирек ислеўи керек.

Деген менен, бул пикир ҳәзирги әдебий жөнелисте жас жазыўшылардың ийелеп атырған табысларын бийкарлай алмайды. Ғәрезсизлик дәўиринде жас жазыўшылар да проза жанрында батыл қәдем тербете баслады. Атап айтқанды, Алланазар Әбдиевтың 2004-жылы өз алдына китап болып басылып шыққан «Жын жыпырлар уясы» романы буның айқын мысалы.

Бул роман трагедиялық сыпатқа ийе. Онда өмирде ҳақыйқатлық, әдалатлық ушын гүресип, бирақ та күшли бир кимселердиң себебинен майырылған, ден саўлығынан айырылып, жинли ҳалына жеткен Сайымбеттиң өмир тарийхы өзиниң көркем сәўлесин тапқан.

Барлық ўақыялар Сайымбеттиң бундай ҳалатқа қалай жеткенлигиниң себебин, оның айыпкерлерин, ақыбетин сүўретлеп бериўге хызмет етеди. Роман ўақыялары тийкарынан баянлаўшының сөзи ҳәм әдалатлық ушын гүресип тюрьмаға түскен Қайыптың ишки кеширмелери арқалы бериледи. Буның үстине автордың ишки монолог пенен диалогларды шебер қолланыўы сол дәўирдиң ашшы ҳақыйқатлығын исенимли түрде ашып бериўге мүмкиншилик жаратқан.

Бунда әпиўайы сюжет ҳәм фабуладағыдай ўақыялар излиизинен қатарластырылып, биреўининң ишинен екиншиси келип шығатуғындай ҳалда жайластырылмастан, Сайымбет ҳәм Қайыптың тәғдирлерине байланыслы сюжетлик линиялар бир-бири менен паралель түрде раўажланады.

Романда ўақыялар қурғақ түрде автор тәрепинен баянлабастан, ал, персонажлардың еске түсириўлери, түслери, ишки монологлары, хатлары, сондай-ақ, диалоглары арқалы бериледи. Бунын үстине «тубалаўшылық дәўири»ниң абсурд шараятын ҳәм оның ағзаларының, олардың бир-бири менен қатнасын, адамлардың иерархиялық бөлиниўининң зорабанлыққа тийкарланған ҳасыл келбетин бериў ушын автор Батыс әдебиятының белгили ўакили Джонатан Свифттиң «Лемюэль Гулливердиң саяхатлары» атлы дөретпесинен үзиндилер келтиреди ҳәм бул үзиндилер сүўретленип отырған шараяттың ҳаслы тәбиятына жүдә мас келетуғынлығы менен оқыўшыны таңландырады.

Демек, автордың көркем параллелизм усылын таңлаўы-Гулливер гүўасы болған ҳайўанаттан да төмен мақлуқ-ехулардың ҳәм тубалаўшылық дәўирининң келбетин өзинде жәмлестирген. Мырзамурат, Әлимбай, Өтемис, Марат қусағанлардың

ҳәрекетлерин, минез-қулқын салыстырыўы сүўретленип отырған дәўирдиң ҳақыйқый келбетин ашып бериўге хызмет етеди.

Роман ҳаққындағы пикиримизди жуўмақлап айтқанда, буннан бурын да бир қанша сәтли жазылған гүрринлерди, «Эрен сақый» повестин дөреткен А.Әбдиевтиң бул романы оның қәлеминин тәўир-ақ ысылғанлығынан, көркем шекберликтиң тәжрийбесин буннан былай да көбирек ийелеўге умтылып атырғанлығынан дәрек береди.

## 3-бөлим **Ғәрезсизлик дәўири прозасының раўажланыўы бағдарлары**

Ҳәзирги әдебитта, атап айтқанда 2000-жыллар романшылығында оғада сәтли қәлем тербеткен жазыўшы К.Рахманов болды. Оның «Туңғыш мухаббат» романы 2004- жылы «Әмиўдәрья» журналының № 2-3-4-5-6-санларында, даўамы 2005-жылы сол журналдың дәслепки санларында жәрияланды.

Роман, темасынан көрип отырғанымыздай, адамзат өмириниң тийкарғы арқаўы, көркем әдебияттың ең ески ҳәм ең жаңа, соның менен бирге мәңгилик темасы-мухаббат темасына бағыш етилген. Бирақ, К.Рахманов сүўретлеген мухаббат жаңа жигит болған, жаңа қыз болған еки жас өспиримниң ямаса если еки ашықтың шын берилип сүйиўи , ақыр аяғында бири-бирине қосыла алмай ҳижран отларында жаныўы, солай етип, бир өмирлик әрман пущайман сезимлеринде қалыўы емес, керисинше биз күтпеген, бизге онша үрдис болмаған, бизиң көзимизге жаттай көринип, қулағымызға ерсилеўдей естилетуғын сәтсиз мухаббат жас өспирим баланың өзинен 5-6 жас үлкен , еле тири ағасының ҳаялы-туўысқан жеңгесине болған мухаббаты.

Дурыс, жас өспиримлердиң өзинен үлкен жастағыларға, керисинше үлкен жастағылардың өзинен киши жастағыларға мухаббаты дүнья классикасында , атап айтқанда , С.Цвейг,

И.Тургенев, Ш.Айтматов, қарақалпақ әдебиятында Т.Қайыпбергенов дөретиўшилигинде азлы-көпли сәўлелениў тапқан тема.

Бирақ әңгиме-теманың ески, яки гөнергенде, яки жазыўшының бул темаға биринширлерден болып қол урған, урмағанлығында емес, әңгие-жазыўшының айтажақ ой-пикиринде.

К.Рахманов бул темаға өзинше қатнас жасайды. Ол бундай мухаббатларды қуўатлаўды емес, усындай мухаббатларды келтирип шығарған өмир шынлығын, дәўир ҳақыйқатлығын, оның иллетлерин, адамлар санасындағы излерин барлық қурамалылығы ҳәм қарама-қарсылығы менен ашып бериўди бас мақсет тутады. Сол ушын да жазыўшы бул мухаббатты қаралаў нийетинде болмайды, қуўатламайды да, лекин өмирде болғанындай етип барлық гөззаллығы ҳәм нуқсанлары менен исенимли түрде көркем етип сәўлелендирип береди. Бул пикирлердиң дурыслығын биз роман мазмуны менен тереңмрек танысыў арқалы билемиз.

Роман ўақыялары жас өспирим бала Шамураттың өмирди бақлаўлары, оған өзиниң де белсене араласыўлары арқалы оның тилинде шеберлик пенен сүўретлендирледи ҳәм жазыўшының тийкарғы айтажақ ой-пикири де усы бас қаҳарман Шамурат образында ашып бериледи. Шығарма ўақыясы усы Шамураттың

ағасы Айтмураттың күтилмегенде қыз алып қашып келген жеринен басланады. Қыз болғанда да биреўдиң атастырып қойған қалыңы екен. Айтмуратлар еле үйге келип үлгерместен-ақ сезикленген болажақ күйеў Ешимбет, Даўытбай деген жасыүлкенин жəне бир жигитти алдына салып, таң қараңғысында баймурат ғаррының үйиниң есигин сындырып тəп берип келеди.

-Балаң бизиң дəстүримизди аяқ-асты етти. Аўылымыздың маңлайына тиккен саҳыпжамалын  алып қашты,-деп дөҳ урады.

Гəптиң рəмəўзине қарағанда, Баймураттың баласы Айтмурат Калан деген  деген ферма баслықтың усы пəт берип сөйлеп турған баласы Ешимбеттиң айттырып қойған қалыңлығын алып қашып кеткен уқсайды.

Ҳақыйқатында да, ўақыя сондай болып шығады. Баланды «өлтирмекшимиз!»-деп келген қуўғыншылар кетиўден, «Баймурат аға!»-лап Айтмураттың Жаңаберген деген жорасы «Сүйинши» сорап келеди.  Айтыўына қарағанда, Айтмуратқа тап жаңа ғана келип кеткен қуўғыншылардың қалыңлығы-Назлыбийкени алып қашып əкелген қусайды.

Шамураттың Назлыбийкеге болған балалық ҳəўеси оның бул үйге қойған дəслепки келин қəдеминен баслап урқан атады:

«Қарамықтай көлериенен мениң жисмиме көз түсип кеткендей дүрр ете қалдым, оның қысты жамылып турған саҳыпжамалынан бәҳәр епкинлери басланып атырғандай болды».(«Әмиўдәрья» №2-2004 6-бет).

Усылайынша Баймурат ғаррының үйинде  тойдың тәтәррүги басланады. Урыстан кейинги жыллар. Жоқшылық... Айтмурат келин әкелместен бурын төрт жан бир өжиреге тығылып жасап атырған олар үлкен қысыныспаға түсип қалады.  Тойды бериўдиң таярлығында жүрип жас-жубайлардың жасаўы ушын бөлек жай қарастырып баслайдыю  Елдиң рухсаты менен босап қалған Әзийра кемпирдиң еки бөлме жайын Айтмурат пенен Назлыбийкеге пана етип береди.

Той бериўдиң қыйыншылығы оннан да бетер болады. Назлыбийкениң ата-анасы тойға үзил-кесил қарсы турады. Каланнан алатуғын мал-дүньяның күймгмне шыдамаған Искендер ғырнақтың ҳаялы «Ондай қызымыз жоқ, өлген! Асына да бармайман»-деп қайтарып жибереди.  Бирақ келип түскен келин ата-анасына уқсамаған, «қудайжарылқаған» нашар болып шығады. Келин менен қупыя сөйлесип келген Айтмурат анасы Палбийдиң тилинен оның бул сыпатлы белгилери төмендегише тәрийпленеди;

-Ата-анам не десе дей берсин деди келин. Сизлер билгениңизди ислей бериң деди дедеи келин. Мен олардың кеўлине қарап бир мал менен жасай алмайман деди келин. («Әмиўдәрья» №2-2004, 17-бет).

Бирақ Назлыбийкениң усындай мәртлик пенен бас тиккен байтереги-Айтмурат та Ешимбеттен артықшылық жери болмай шығады.

Айтмураттың бул минез-қулқын жазыўшы оның иниси Шамураттың тилинде шеберлик пенен төмендегише тәрийплейди:

«Қудайым-ай, мал менен жасайман деп, тислери ақшыйған аш қасқырға тап болмасаң болғаны ғой...Назлы кишем-ай...Айтмурат ажағам сениң қәдиринди билер ме екен, билгей дә...Ҳәм ата-анаңнан, ҳәм еркек әўладынан жүдә болып қалмағайсаң , кишем...»(«Әмиўдәрья»№2-2004,17-бет).

Жас бала болса да, ажағасының минезине қанық Шамурат бир нәрседен билгендей сезикленген еди. Той болып өткен күнниң ақшамында-ақ Назлыбийкениң көзиниң үсти көгерип шығады. Оның «маңлайшаға урып алдым» дегенине басқа исенсе де, Шамурат исенбейди. Бирақ ағасы Айтмурат күн өткен сайын , Назлыбийкеге қасқырларша кейипте қатнас жасағанын қоймайды.

Бурыннан бар қанқызбалығы тутып, ата-анасы,иниси Шамурат пенен жийи-жийи урысып, тақып жерден шаң шығарып турады.

Айтмурат мектепке дене тәрбиясынан оқытатуғын муғаллим болып өткеннен кейин, азмаз жөнлесип, хожалығына да, мектеп жумысларына да белсене араласып, питегене бети берман қарап киятырғандай болады. Әсиресе, мектеп жумысларын күн-түн демей ислейди, мектеп стадионын жөнлеп, «Шамшырақ»атлы футбол командасын дүзип, районлық жарысларға қатнасады.Жумысқа берилип кеткенлиги соншелли, «гейде жол жақта түнеп қалады».

Айтмурат характери қаншама унамсыз сыпатлары жағынан ашылған сайын, Назлыбийкениң унамлы қылықлары, Шамурат ҳәм оның ата-анасының көз алдында бирме-бир көринис таба баслайды. Ол орысша хат саўаты бар, заманагөй,мийнеткеш әдеп-икрамлы қыз екен. Усы пазыйлетлерге қәйниси Шамуратты да тәрбиялай баслайды. Айтмураттың Назлыбийкеге суўықлығының сыры ақыр-аяғында паш болады. Оның үш жыллық армияға кетемен жүргенинде гәп бар екен. Армияға барғанына бир жыл жетер жетпестен-ақ оның Валяға үйленип алғанлығы, ҳәтте оннан балалы да болайын деп турғанлығы белгили болады.

Усындай бассыныўларға қарамастан, Наздыбийке тәғдирине тән берип қалмайды. Керисинше қыйыншылықты жеңиўге

тырысып өзин де, өзгелерди де жақсы жолларға баслаўға ҳәрекет етеди. Алдыңғы теримши болып тапқан ғәрежетлерин хожалығын көркейтиўге жумсаса, мектепте китапханашы болып жүрип, жас-өспиримлерди илим-билим ийелеўге руўхландырады. Жақсылығы арқасында «көрмеймен, катнаспайман»-деп жүрген ата-анасы менен тил табысып кетеди. Оның бахтына, оны айттырып қойған Ешимбет те аты алып қашып кетип тосаттан қайтыс болады.

Пайтмурат Назлыбийкегк жаман қылық көрсетип , қаншелли азап берген сайын, Шамурат оның жақсы тәреплерин аңлап барады. Оған азап берген, оның көкирегин суўытқан ағасын жек көреди, Назлыбийкениң тәғдирине жан ашытады, оны аяйды...

Назлыбийке де Айтмураттың өзи де жаман болса да, оның баладай ҳақ-көкирек ата-аналарына , гиршиктей сап-таза ҳүждан ийеси, кеўилинде әндийшеси бар, сезимтал жан Шамураттың балалық пәк сезимлерине бола бул үйди таслап кеткиси келмейди... Шамураттың балалық пәк мухаббаты Назлыбийкениң де жүрегин жаўлап алады... Ақыр-аяғында Назлыбийке бул үйдиң мәңгилик келини болып қалады.

Автордың айтажақ ойы түсиникли : адамлар арасында ала да бар, ғула да бар, булардың бәри де ўақытша, бирақ бир нәрсе

мәңгилик: шын сезим, пәк мухаббат мәңгилик, оны ҳеш қандай күш иркип тура алмайды.

Жазыўшының шеберлиги тек темаға өзинше дөретиўшилик қатнаста болғанында, сүўретлеген ўақыялардан жақсы идеялық жуўмақ шығара алғанында емес, ҳәр бир ўәақыяны дәўир ҳақыйқатлығына сай сүўретлеп бергенлигинде де көринеди. Романда Палўанияз бай, оның жесири Әзийра кепмир, Ибрайым большой образларында 30-жыллардағы репрессия қурбанларының тәғдийри күринсе, Баймурат, Палбий, Искендер, Ажар образларында урыстан кейинги аўыл адамларының турмыс тәғдири айқын сәўлелениўин тапқан.

Жуўмақлап айтқанда К.Рахмановтың «Туңғыш мухаббат» атлы бул романы ғәрезсилик жылларында мухаббат темасында үлкен эпикалық полотнада жазылған көркем шығармалардың ең қунлыларынан есапланады.

## Жуўмақлаў

Ғәрезсизлик дәўири әдебитының раўажланыўының тийкарғы бағдарлары» деп аталатуғын бул питкериў қәнигелик жумысымызда тийкарына төмендегидей мәселелерди шешиўди мақсет туттық:

Ҳәзирги дәўирдеги мәлений өмирге улыўма сыпатлама бериў.

Ҳәзирги дәўирдеги прозаның баслы бағдарларын анықлаў.

Бул жағдайлардың бәри Өзбекстан Республикасының, оның қурамындағы Қарақалпақстанның өз алдына ғәрезсиз мәмлекет болып бөлинип шығыўына алып келди. Солай етип, 1991-жылы 1-сентябрьде Өзбекстан өз алдына ғәрезсиз мәмлекет деп дағазаланды. Ғәрезсизлик Өзбекстанның дүньяның көплеген еллери менен дипломатиялық байланыслар дүзиўине, БМШқа, басқа да халық аралық экономикалық, сиясий-социаллық, әскерий шөлкемлерге ағза болыўына, сырт ел инвестициясын енгизиў арқалы дүньядағы раўажланған мәмлекетлер менен экономикалық байланыслар дүзиўге, солай етип, адамгершиликке тийкарланған ҳуқықый-демократиялық, пуқаралық жәмийетин қурыўға кең мүмкиншиликлер ашып берди. Ғәрезсизликтиң шарапаты менен Қарақалпақстан да Өзбекстан қурамында суверен мәмлекетке айланды: өзиниң Конституциясына, гербине, байрағына, гимнине

ийе болды. Өзбек тилине пүткил Өзбекстанда, қарақалпақ ҳәм өзбек тиллерине Қарақалпақстанда мәмлекетлик бийлик берилди. Миллий ғәрезсизлик идеологиясын раўажландырыўға тийкар салына баслады.

Проза тараўында Т.Қайыпбергеновтың “Кеўлимниң қамусы”, роман-қомуснамасы менен “О дүньядағы атама хатлар”, «Қарақалпақпан Тәўекелшимен», эсселери, Ә.Пахратдиновтың “Сөйленбеген тарийх..”, К.Алламбергеновтың “Дәрья тартылған жыллар” романлары, С.Бахадырованың «Тумарис ҳәм Кир» тарийхый романы Г.Есемуратованың “Қызым, саған айтаман”, “Дүдендеги дәптер”, А.Абдиевтиң “Жин-жыпырлар уясы” повестьлери,

Көркем әдебият бул дәўирде жанрлық, формалық, көркемлик изленислерге қарай да унамлы бағдар алды. Т.Қайыпбергенов “Қамуснама” шығармасы менен Шығыс әдебиятында бурыннан бар, ески қамуслық-энциклопедиялық шығарма жаратыўдай дәстүрлерди, формаларды жаңа реалистлик проза рамкасында сынап көрди.

Қарақалпақ әдебияты өзинше раўажланыў жолына түсти, әдебият турмыс ўақыяларын миллий идея ҳәм миллий ғәрезсизлик идеологиясы руўхында сәўлелендире баслады. Бундай идеялық-

тематикалық жаңаланыўлар жазыўшыларымыздың поэтик образ ҳәм сюжетлик мотивлер таңлаўында да, жанрлық, формалық, көркемлик изленислеринде де айқын көзге түсе баслады.

## Әдебиятлар дизими


1. Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди.-Т:Ўзбекистон, 2005.

2. Каримов И.А. Узбекистон демократик тараққиетнинг янги босқичида.-Т:Ўзбекистон, 2005.

3. Da`wqaraev N. Shıg`armalarının` tolıq jıynag`ı, 3-tom, No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1979.

4. Алламбергенов К. Ҳәзирги әдебий жөнелис.-Нөкис: НМПИ киши типографиясы, 2003.

5. Алламбергенов К. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебияты.-Нөкис: НМПИ киши типографиясы, 2005.

6. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақлапақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы.-Нөкис: Билим, 2004.

7 Пахратдинов А., Алламбергенов К., Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис., 2011.

8. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақлапақ лирикасында көркем излениўшилик.-Нөкис: Билим, 1992.

9. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ прозасы.-Нөкис: Билим, 2003.